

သုတေသနအဖွဲ့အစည်း

DUMADINE DESA BUNDER

Penulis : Sidik Hermawan
Pendamping : Ngumar
Editor : Bintang
Perancang sampul : Suherman
Penata Isi : Cahaya Penaka Bulan

Cetakan pertama, Mei 2018

iii + 60 halaman

14 x 20 cm

Diterbitkan oleh

Dinas Kebudayaan Gunungkidul, Yogyakarta.

087839376170

Gunungkidul
Handayani

ꦥꦺꦤꦸꦱꦸꦤ꧀ꦭꦤ꧀ꦥꦺꦤꦸꦭꦶꦱ

PENYUSUN LAN PENULIS

Penulis:

Sidik Hermawan,S.Pd.I lahir lan mapan ing Bunder, 21 Januari 1990.

Suherman lahir lan mapan ing Bunder,

Cahaya Penaka Bulan, lahir ing Jakarta, 03 September 1990.

Bintang Bramandaru lahir ing Yogyakarta 19 juli 1986

Angga Haksoro Ardhi lahir ing Yogyakarta 29 september 1980

Penyusun:

Sidik Hermawan,S.Pd.I lahir lan mapan ing Bunder, 21 Januari 1990

Cahaya Penaka Bulan, lahir ing Jakarta, 03 September 1990

Pendamping:

Untung Basuki

Translate basa Jawi :

Bambang Widiyanto

Siti Marlinam,S.Pd

ADEGING DESA BUNDER

“Suro diro jojoyoningrat, lebur dening pangastuti” (Ronggowarsito, 1802-1873).

Adeg ing desa Bunder warsa 1920 sasi 3 masehi (Maret dinten Sabtu tanggal 20 bakda Maghrib malam 1 Rejeb kalebet Minggu Legi pitungan jawi). Para warga pinisepuh lan masyarakat pitados bilih Desa Bunder sampun wonten nalika Kabupaten Gunungkidul kita ibu Kotanipun taksih wonten Pati Ponjong, inggih maonan wonten Kadipaten Semingkar.

Desa Bunder menika wiwitanipun kanthi name ndesa ingkang papan dunungipun sakmenika kanthi sesebatan resmi miturut pamarintah inggih menika Padukuhan Bunder lan ingkang lenggah ngasta dados lurah inggih punika Raden Prawiro Puspita ingkang saklanjengipun kaparingan asma Bunder amargi miterat cariyos kondisi alam, banyu engkang mili sakiung lepen mbelah ndesa kepanggih kaliyan aliran lepen ageng (Lepen Oya) sahingga wonten titik pepanggihan arus ingkang kasebat tempuran lepen mbentuk puseran banyu engkang katingal mubeng /bunder.

1. Cariyos sepisan

Para warga pinisepuh pitados bilih Desa Bunder sampun wonten wiwit jaman Landa lan Jepang kuwasa wonting ing Indonesia. Desa Bunder ingkang ngawiti nyepeng Panguawaos utawi Paprintahan inggih menika sesepuh Bekel Kyai Jumbuk alias Jopak, ingkang mapan wonten ing Plosokerep .Kyai Jopak nyepeng Paprintahan kirang langkung 7 tahun.



Foto 7. makam Kyai Jumbuk alias
Jopak

2. Cariyos Kaping kalih

a. Raden Prawira Puspita (Lurah I)

Miturut cariyos saking Ibu Sri Sudarmi (wayah R.Prawiro Puspita ingkang taksih sugeng) Lurah kaping pisan menika dipun cepeng dening R.Prawiro Puspita

Bilih Lurah R.Prawiro Puspita punika asal usulipun saking tlatah semanu. Piyambakipun tasih trah Panji Harjodipuro Semanu, ananging leresipun taun pinten anggenipun dumugi lan jabat lurah ing ndesa (sesebatan Bunder kala rumiyin) dereng wonten sumber ingkang saged kangge cepengan.

Dipun cariyosaken rumiyin letak tabon ndalem ipun R.Prawiro Puspita sakmeniko wonten ing ngajeng lapangan volley bunder. Ingkang sakmeniko dipun lenggahi ndalem kulawarga bapak wadi.

Kacariyos R.Prawiro Puspita meniko sedo ing mergi amargi katrunjang truck lan keseret ngantos dumugi kekayon asem. Ngantos sak meniko kekayon asem meniko lok ing kathah kasebat “asem e mbah Lurah”.

R.Prawiro Puspita dipun sareaken ing pasarean Dusun Bunder, ananging ingkang garwa dipun sareaken ing makam kepanjen Sumingkar.

b. Raden Sastra Puspita (Lurah II)

Sak sampunipun R.Prawiro Puspita lengser, Dipun lajengaken ingkang putra inggih menika Raden Sastra Puspita ingkang lenggah wonten ing Padukuhan Bunder.

Saking jaman lurah Raden Sastra Puspita menika Paprintahan ingkang resmi(administratif) nembe dipun deging ing warsa setu 20 maret 1920

masehi, Utawi minggu legi 1 rejeb 1850 lintir ba'da maghrib tingalan jawa.

Miturut seratan ing maesan, Raden Sastra Puspita lair 23 suro 1885 lan tilar dunya ing 2 oktober 1953.

Dumigi tahun pinten anggenipun Raden Sastra Puspita jabat lurah dereng wonten sumber ingkang saged kangge cepengan.

,lajeng dipun terasaken lurah Tirtodimejo.

c. Tirtadimeja (Lurah III)

Tirtadimeja mijil saking Kulon Progo nate nyepeng pakaryan wonten ing Kecamatan Playen dados Oppas.

Dipun cariyosaken ing mangsa kapamerantahan ipun Tirtodimejo sanajan sakmeniko mangsa ingkang

gawat kagem republik ananging
Kahanan desa Bunder meniko saget
aman,tentrem amargi lurah
Tirtodimejo meniko piyantun
ing kang teges,lan pemberani.

Kirang langkung dumugi taun
1955 mbah Tirtadimeja nyepeng
paprintahan Desa Bunder. Kalih
tahun sawise lengser keprabon
Wanci tahun 1957 mbah Tirtadimeja
tilar dunya kapamarentahan Dipun
lajengaken dening mbah Harjo

Tiyono ingkang hanggadahi sesebatan “Mbah Lurah Putih”.

d. Harjo Tiyono (Lurah IV)

Kacariyos dening para sesepuh, ing Mangsa kapamarentahan lurah Harjo Tiyono (Mbah Lurah Putih) milai kathah ewah -ewahan kahanan wonten ing Desa Bunder. Ing bidang pertanian lurah Harjo Tiyono (Mbah Lurah Putih) hanggadahi jasa

karya bakti ndamel bendungan ing watu joglo kangge irigasi sawah gede. Wonten ing bidang kepemudaan sak derengipun Pemerintah pusat membentuk organisasi karang taruna ing desa bunder sampun membentuk organisasi pemuda ingkang dipun wastani asma KPPB (Keluarga Pelajar Pemuda Bunder) ing tahun 1963 kapimpin mbah sumadiyana.

Ing masa Paprintahan pak camat Praja Wirya Seputro Nalika

semanten nate dadosake Kantor Kecamatan Pathuk mapan wonten dalem ipun lurah Harjo Tiyono (Mbah Lurah Putih) , karena kantor Kecamatan Pathuk nembe dipun pugar.

Paprintahan Lurah Harjo Tiyono (Mbah Lurah Putih) pungkasan ing tahun 1965. Sak lajeng ipun Paprintahan Desa Bunder dipun rangkep dening Lurah Desa Ngalang kirang langkung sekawan tahun.

Saksampunipun sami rembagan masyarakat Desa Bunder netepaken Ibu Djamiyem utawi Ny Suyono dados Lurah Desa Bunder.



Lurah Harjo Tiyono (Mbah Lurah Putih)

**e. Ny.Djamiyem Soejono Prawoto
Sastro (Lurah V)**

Ibu Suyono mijil saking Sala tanggal 30 Desember 1923. Dene papan palenggahanipun wonten Padukuhan Widoro Kulon.

Ibu Suyono nyepeng Paprintahan selikur tahun(1969-1989). Kathah ewah-ewahan utawi kemajenganipun Desa Bunder ,kadosta dipun bikak margi-margi

,saluran irigasi utawi pengairan ,kalebet ndamel Balai Desa ingkang sepisan ingkang mapan wonten ing pasar kayu sambipitu tahun 1972. ,Ugi dipun lajengaken ndamel Balai Desa ingkang murwat arupi Bangunan Joglo ing Padukuhan Ngepung.

Lan ugi ibu Suyono kathah nampi Pahargiyan-pahargiyan sae saking Kabupaten saha saking Gubernur karena olah kredanipun Ibu Suyono ndadosaken sedaya

masyarakat remen lan gesang ayem
lan tentrem.

Ewa sementen gusti ngersakaken
kawontenan sanes,rikala dinten
kamis pahing 10-10-2013 ibu Suyono
kapundut wangsul wonten
Ngarsanipun Gusti Allah.



Foto 8. Djamiyem al bu suyono

f. Serma Samidi (Lurah VI)

Milai tahun 1989-1999
Paprintahan Desa Bunder dipun
terasken dening putro dusun
Ngepung inggih menika Sersan
mayor Samidi.

Kacariyosaken dening Ny.Samidi
,rikala semanten tahun 1989 jaman
dwi fungsi ABRI ,pak samidi dipun
tugasaken kalian kesatuan ABRI
untuk mengikuti pemilihan lurah
ing desa Bunder.

Wonten ing Paprintahan pak Samidi ,Ugi kathah prestasi lan kemajenganing Desa Bunder.

Kadosta Rehab utawi pengeresan mergi, Penghijauan, Panca Usaha Tani,lan tasih kathah ingkang boten saget kita sebataken ngantos paripurna dados Lurah Desa Bunder.



Foto 9. Bapak Samidi

g. Sudarmono (Lurah VII)

Saksampunipun Pak Samidi purna , dipun lajengaken kanthi Pesta Demokrasi pilihan Kepala Desa kaleres ingkang kapilih dados Lurah inggih menika bapak Sudarmono (1999-2007). Wanci paprintahanipun bapak Sudarmono ugi kathah prestasi-prestasi kemajenganipun Desa Bunder.

Kanthi ngadekipun menara-menara telepon celuler kagem nggampilaken komunikasi. Ugi dipun rehab Balai Desa Bunder dados Joglo cor beton, kanthi ngginakaken biyaya swadaya masyarakat, lan sakpanunggalanipun ngantos paripurna.



Foto.10.Bapak Samidi

h. Kabul Santosa (Lurah VIII)

Saksampunipun Pak Sudarmono purna dipun lajengaken Pak Kabul Santosa, nilai tahun 2007 dugi 2013. Karana prestasi lan ewah - ewahan pembangunan kalangkung kathah, saingga nilai tahun 2013 ngantos 2019, Pak Kabul Santosa pinitados malih dados Lurah Desa Bunder.

Wondene prestasi ingkang saget kita aturaken kadosta pembangunan cor rabat, nyambungaken antawis Sambipitu dugi Dusun Kemuning,

Pengaspalan mergi Widoro Kulon dugi Gambiran, Bikak mergi enggal kanthi program Padat Karya Bunder - Nglegi, Widoro Kulon - Dawung, Nampi bantuan Spam IKK .

Lampahipun pamarintahan Namung sakmeniko katah cariyos ingkang benten-benten, lan sedoyo gadah landasan lan penemu piyambak-piyambak. Engkang dilajengipun kaliyan Plt. Kepala Desa Bunder nggih punika Carik Desa Bunder Sidik hermawan, S.Pd.I.

Carik menika nembe kalantik tanggal 15 Mei 2017 lajeng dipun mandat kalaiyan Bupati Gunungkidul supados nglajengke babakan Pamarintahan Desa Bunder wiiwiti tanggal 21 Mei 2017 seminggu saksampuni bapak Carik kalantik, pikantuk SK Bupati dados Plt. Kepala Desa dugi wanci engkang dereng tentokaken.



Kabul Santosa (Lurah VIII)



Foto 11. Carik/Plt. Kepala Desa Bunder

LAMPIRAN



Makam Lurah R.Sastro Puspito



Makam sesepuh Mbah Jopak




Ompak Kabupaten Semangkar



Makam Lurah Tirtadimeja

Nomor : 115/14/PP/1978/111



PIAGAM

PEMBINA PENATARAN TINGKAT KABUPATEN TYPE B

Berdasarkan Instruksi Presiden Republik Indonesia Nomor 10 Tahun 1978

Menerangkan bahwa :

Nama : **IR. SUYONO**
Identitas : -
N.P.K. : 1176.000217. B.
Tanggal lahir : Th. 1922.
Golongan Ruang : -
Pangkat : -
Jabatan : Lurah Desa.
Instansi : Kelurahan Bunder, Kec. Patte.

Telah mengikuti PENATARAN TINGKAT KABUPATEN type B angkatan II sebagaimana dimaksud dalam Inpres 10 tahun 1978, yang diselenggarakan di Kabupaten Gunung Kidul dari tanggal 5 Agustus - 1981 sampai dengan tanggal 15 Agustus 1981 dengan hasil baik. Wawancara, 15 Agustus 1981.

PEMBINA PENATARAN TINGKAT KABUPATEN
GUNUNG KIDUL TYPE B
PROVINSI DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA
BUPATI KEPALA DAERAH
TINGKAT GUNUNG KIDUL



[Signature]
Ir. R. DARMAKUM DARMOKUSUMO
NIP. 080003317

Piagam Prestasi Bu Suyono



PIAGAM

GUBERNUR KEPALA DAERAH PROPINSI DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA

Menerangkan bahwa :
N a m a : BU SUYONO.
Tempat dan tgl. lahir : Solih, 12 - 30 - 1929.
Lurah Kepala Desa : Kalurahan Bunder.
Kecamatan : Patuk.
Kabupaten Dati II : Gunungkidul.

Telah mengikuti Penataran Lurah Kepala Desa se Propinsi Daerah Istimewa Yogyakarta, yang di selenggarakan dari tanggal 18 Februari 1982 sampai dengan 24 Februari 1982 di Yogyakarta dengan baik.

Yogyakarta, 24 Februari 1982

WAKIL GUBERNUR
KEPALA DAERAH ISTIMEWA
YOGYAKARTA



[Signature]
PAKU ALAM VIII

Piagam Bu Suyono



Piagam Bu Suyono



Petilasan Ompak Pendopo Kabupaten Semingkar

kKua



Kyai Kancil



Kyai Mendhung



Tembem



Penthul



Makam Nyai Djamiyem Soejono Prawoto Sastro